



Pou Piblikasyon Imedya: 25/04/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOUVO SOLISITASYON POU PWOJÈ ENÈJI  
RENOUVLAB AGRAND ECHÈL YO PRAL DEVLOPE ENÈJI PWÒP  
AK KONBAT CHANJMAN KLIMATIK YO**

***Yo Prevwa y ap Estimile Jiska 1.5 Milya Dola nan Envestisman Prive, Jiska 20  
Pwojè Enèji Renouvlab Agrand Echèl k ap Kreye Plis pase 1,000 Djòb  
ki byen Peye***

***Pwojè yo ap Akselere Pwogrè Anvè Manda Gouvènè Cuomo Genyen pou  
50 Pousan Elektrisite Eta soti nan Sous Enèji Renouvlab apati 2030***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse dezyèm solisitasyon pou pwojè enèji renouvlab agrand echèl yo nan kad Estanda Enèji Pwòp (Clean Energy Standard) eta a. Solisitasyon pou jiska 20 pwojè a yo pral akselere tranzisyon New York anvè yon ekonomi enèji pwòp epi yo prevwa ki pral estimile jiska 1.5 milya dola nan envestisman prive epi kreye plis pase 1,000 nouvo djòb byen peye pou Nouyòkè yo. Yo prevwa solisitasyon an pral sipòte 1.5 milyon megawa-lè elektrisite renouvlab pa ane, ase kouran pou alimante 200,000 kay, epi fè vanse angajman lidè nan nasyon an New York pran pou l sekirize 50 pousan kouran eta soti nan sous enèji renouvlab apati 2030.

“Administrasyon sa a kontinye defann pwojè enèji renouvlab atravè New York la yo, epi se yon gran pa annavan nan kad efò n ap fè pou nou kreye djòb ki favorab a anviwonman an epi trase egzanp pou rès nasyon an”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Avèk mezi sa a nou pral kontinye kapitalize sou resous natirèl nou yo, agrandi opòtinite ekonomik yo epi poze fondasyon pou yon New York ki pi pwòp, ak pi favorab a anviwonman pou anpil jenerasyon k ap vini ankò.”

Eta a ap pibliye solisitasyon sa a kòm dezyèm nan yon seri apwovizyonman ke yo prevwa k ap lakoz devlopman anpil douzèn pwojè enèji renouvlab agrand echèl apati 2022 nan kad Estanda Enèji Pwòp la. Angajman kominotè ak sipò sou tèren an enpòtan anpil pou devlopman reyisi pwojè enèji renouvlab sa yo, epi Demann pou Pwopozisyon (Request for Proposals, RFP) yo pibliye jodi a gen ladan nouvo estanda ak egzijans pou sansibilizasyon ak planifikasyon kominotè efikas. RFP a ap asire tou ke yo pral kreye djòb ki byen peye yo lè yo egzije yo peye salè ki an vigè a pou pòs travay ki aplikab yo.

Pami nouvèl dispozisyon notab ki nan solisitasyon sa a genyen:

- Egzijans pou yo peye travayè ki asosye a konstriksyon nenpòt etablisman yo salè an vigè ki aplikab la, ki se yon seri estanda Depatman Travay Eta New York la (New York Department of Labor) te tabli, k ap asire pwojè yo kreye bon jan kalite djòb ki byen peye pou Nouyòkè yo;
- Prezèvasyon ak pwoteksyon pou resous agrikòl presye New York yo lè yo ofri pwèn siplemantè pou pwojè enèji renouvlab ki evite chevoche tèren ki gen enpòtans agrikòl pou Eta New York la yo;
- Asirans ke kominote ki pral òganize pwojè reyisi yo akòde prim sibvansyon yo byen konsyan de pwosesis devlopman an, yo pral egzijè pwopozè yo pou yo demontre ke yon te angaje avèk kominote sa yo epi yo te kòmanse pwosesis oktwa pèmi ki asosye ak pwojè yo a; epi
- Kontinye ankouraje pwopozisyon ki asosye enèji renouvlab ak teknoloji estokaj enèji avanse nan yon fason rantab pou ede satisfè angajman Gouvènè Cuomo pran pou deplwaye 1,500 MW estokaj enèji apati 2025 lan.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou solisitasyon agrand echèl la, vizite [sitwèb NYSERDA](#).

Anons lan kenbe yon rit previzib solisitasyon anyèl pou devlopè enèji renouvlab yo, epi li pral sipòte devlopman ak envestisman kontinyèl nan pwojè enèji pwòp toupatou atravè Eta New York la yo.

Aksyon sa a ap ajoute sou [anons](#) Gouvènè te fè ak Vis Prezidan Al Gore an Mas la kote eta te reyafime angajman l pran anvè solisyon enèji ki pi pwòp, ak pi entèlijan, ki gen ladan anons prim pou pwojè enèji pwòp agrand echèl yo ak yon demann fòmèl yo te fè opè gouvènman federal la pou yon eksklizyon nan nouvo Pwogram Lokasyon Plato Kontinantal pou Petwòl ak Gaz la (National Outer Continental Shelf Oil and Gas Leasing Program).

Solisitasyon sa a ap sipòte solisitasyon 2017 NYSERDA epi atravè li y ap dedye yon envestisman 1.4 milya dola pou pwojè enèji renouvlab yo te anonse nan kòmansman ane sa a yo. Envestisman sa a te gen ladan 22 fèm solè alechèl endistriyèl, twa pwojè fèm ewolyèn ak yon pwojè idwoelektrik. Youn nan fèm ewolyèn yo gen yon eleman estokaj enèji, k ap premye fwa yon pwojè enèji renouvlab agrand echèl te fè sa nan Eta New York.

Demann lan ap ajoute tou sou solisitasyon Otorite Enèji New York la (New York Power Authority, NYPA) [te anonse](#) mwa jen pase a dekonsè ak premye solisitasyon NYSERDA, ki pral apwovizyone 1 milyon MWh. Envestisman sa a k ap fèt nan materyèl enèji pwòp a grand echèl la pral plis agrandi wòl lidèchip NYPA antanke pi gwo founisè elektrisite renouvlab Eta a. NYPA te resevwa plis pase 130 pwopozisyon nan men 51 devlopè enèji pwòp an repons a RFP li a. NYPA gen plan pou yo anonse devlopè ak kliyan yo chwazi yo yon fwa yo siyen kontra yo, ke yo prevwa fè ete sa a.

Pwojè sa yo pral fè vanse inisyativ Karyè Klima Pwòp la (Clean Climate Careers) Gouvènè Cuomo te anonse an Jen 2017 la. Inisyativ konsantre sou akselerasyon enèji renouvlab ak efikasite enèji pou fè New York vin gen 40,000 nouvo djòb enèji pwòp byen peye avan 2020. Daprè Rapò 2017 Endistri Enèji Pwòp New York la (2017 New York Clean Energy Industry Report), yo te anboche 146,000 Nouyòkè nan sektè enèji pwòp la, ki gen pami yo 22,000 ki nan pwodiksyon kouran apati enèji renouvlab.

**Richard Kauffman, ki se Prezidan Enèji ak Finans lan (Energy and Finance), te deklare,** “Envestisman nan enèji pwòp la te pwouve li se yon katalizè nan kad relansman ekonomi an ak òf djòb toupatou atravè Eta a. Entèrè konsiderab eta wè ke konpayi yo genyen pou yo envesti nan ajanda enèji pwòp New York la se yon testaman ki montre detèminasyon nou genyen pou nou asire jenerasyon k ap vini yo ka jwi de resous natirèl ki ozalantou yo”.

**Alicia Barton, Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral NYSERDA, te deklare,** “Pwogrè k ap fèt nan lit kont chanjman klimatik yo mande pou nou gen yon angajman dirab pou nou sipòte pwojè enèji pwòp ki pral rann kominote nou yo pi solid ak pi rezistan. Gouvènè Cuomo te prepare wout la pou New York ka mennen efò sa a atravè angajman anbisye li pran pou itilizasyon 50 pousan enèji renouvlab apati 2030 lan, epi nou atann solisitasyon sa a yo ap anonse jodi a pral ede nou mentni elan prekòs nou te wè nan dènye faz la, epi pou nou akselere rit nou nan mach anvwè yon avni ki pi pwòp”.

**Gil C. Quiniones, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, NYPA, te deklare,** “Enèji renouvlab se yon priyorite pou Eta New York. Avèk dènye investisman ase gran sa yo k ap fèt nan pwojè enèji ak djòb vèt la yo, nou ap fè gran pwogrè anvwè Estanda Enèji Pwòp Gouvènè Cuomo a. Atravè pwojè enèji renouvlab agrand echèl yo, nou ap chanje peyizaj enèji a nan New York, epi n ap asire melanj enèji nou an vyab ak abòdab kounye a ak alavni”.

**Senator Joseph Griffo, Prezidan Komite sou Enèji ak Telekomunikasyon (Committee on Energy and Telecommunications) Sena, te deklare,** “Devlopman resous enèji renouvlab yo enpòtan anpil pou efò New York ap fè pou nou ka itilize enèji nan yon fason ki pi efikas. Anons sa a se yon etap enpòtan vè lavan epi li pral sipòte investisman eta ap fè nan ekonomi enèji pwòp yo ak kwasans djòb toupatou atravè eta a”.

**Prezidan Komite Enèji Asanble a (Assembly Energy Committee) Michael Cusick, te di,** “Pandan n ap lite kont chanjman klimatik yo, Eta a ap envesti nan ekonomi nou an tou lè yo ofri djòb pou Nouyòkè nou yo. Avèk plan sa a, Gouvènè Cuomo ap asire biznis yo jwenn opòtinite pou yo patisipe nan ajanda Eta a pou itilizasyon 50 pousan enèji renouvlab apati 2030 lan. Yon lòt fwa ankò, New York ap trase chemen an pou nasyon an nan kreyasyon enèji pwòp”.

**Steve Englebright, ki Prezidan Komite pou Pwoteksyon Anviwònman an (Environmental Conservation Committee) te di,** “Mwen kontan anpil pou m wè New York ap pran mezi ki pi agresiv anvwè mwayen pou satisfè objektif enèji renouvlab nou yo, epi an retou, objektif atenyasyon chanjman klimatik nou an yo. Eta dwe avanse rapidman pou l pwodwi enèji pwòp pou kay ak biznis yo epi kreye djòb estab ki byen peye pou Nouyòkè yo. Pwojè enèji renouvlab yo, dekonsè ak politik entèlijans nan tout sektè ekonomi an yo, pral montre ke New York se yon pyonyè nan mezi klimatik yo”.

**Anne Reynolds, ki se Direktris Jeneral Alyans pou Enèji Pwòp New York la (Alliance for Clean Energy New York), te deklare,** “Endistri enèji renouvlab la pran angajman pou l envesti nan New York pou kreye djòb epi ede atenn objektif enèji pwòp anbisye Gouvènè Cuomo a yo. Nou aplodi Gouvènè a pou angajman l pran anvwè enèji pwòp la ak paske l pibliye dezyèm solisitasyon pou pwojè nan kad Estanda Enèji Pwòp

la yo. Manm konpayi nou an yo atann pou nou antre an konpetisyon pou opòtinite pou nou sèvi Nouyòkè yo epi ofri enèji ki pa bay polisyon”.

**Direktris Jeneral Climate Jobs NY la, Ya-Ting Liu te deklare,** “New York te vin tounen yon modèl pou rès peyi a nan kijan pou takle chanjman klimatik pandan n ap kreye bon djòb klas mwayèn ki gen avantaj yo. Nou aplodi Gouvènè Cuomo pou angajman l kontinye pran pou l konstwi yon ekonomi enèji pwòp solid nan New York k ap sipòte fanmi travayè yo”.

**Stuart F. Gruskin, ofisye anchèf konsèvasyon ak zafè ekstèn pou The Nature Conservancy nan New York te deklare,** “The Nature Conservancy aplodi Gouvènè Cuomo pou objektif enèji renouvlab anbisyè New York la yo epi nou kontan pou nou wè yon nouvel apwòch nan solisityasyon sa a k ap kòmanse konsidere itilizasyon tèren an yo. Nou atann pou nou kontinye travay ak Administrasyon an pou nou abòde preyokipasyon ki gen sou lokalite yo nan yon fason pwoaktiv pou asire enèji pwòp pou tout Nouyòkè padan n ap redwi enpak sou resous natirèl enpòtan nou yo”.

**Gavin Donohue, ki se Prezidan ak PDG Independent Power Producers of New York lan, te di,** “Nou aplodi lidèchip Gouvènè Cuomo nan kad avansman Estanda Enèji Pwòp la lè l itilize anchè konpetitiv yo. Li enpòtan pou nou rekonèt avantaj devlopman resous enèji ki anndan eta a yo genyen pou ekonomi lokal yo, epi yon divèsite nan resous esansyèl pou gen fyabilite nan yon sistèm elektrik”.

### **Refòme Vizyon Enèji a (Reforming the Energy Vision, REV)**

Refòme Vizyon Enèji a se strateji Gouvènè Andrew M. Cuomo pou li domine sou chanjman klimatik yo epi devlope ekonomi New York. REV ap konstwi yon sistèm enèji ki pi pwòp, pi fleksib epi pi abòdab pou tout Nouyòkè yo nan favorize envestisman nan teknoloji enèji pwòp yo tankou solè, van ak enèji efikas, epi ekzije 50 pousan nan kantite elektrisite leta bezwen apati enèji renouvlab apati lane 2030. Deja, REV te atire plis pase 1,000 pousan kwasans nan mache enèji solè nan tout eta a, amelyore abòdabilite enèji ki ogmante pou 1.65 milyon kliyan ki gen revni fèb, epi kreye plizyè milye pòs travay nan manifakti, enjeniri, ak lòt sektè teknoloji pwòp yo. REV ap asire New York redwi degajman gaz a efè sèr yo nan tout eta a jiska 40 pousan avan 2030 epi atenn objektif ki rekoni sou echèl entènasyonal pou redwi degajman gaz a efè sèr yo jiska 80 pousan avan 2050. Si ou vle jwenn plis enfòmasyon sou REV, ansanm ak envestisman 5 milya dola Gouvènè an te fè nan teknoloji enèji pwòp ak nan inovasyon an, vizite [rev.ny.gov](http://rev.ny.gov) epi swiv nou sou [Twitter](#), [Facebook](#), ak [LinkedIn](#).

###

W'ap jwenn lòt nouvel ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)